

NYC
Imel: nyc.jobbank@labor.ny.gov
Faks: 718-613-3952
Telefòn: 718-780-9499



Tout Lòt Kote
Imel: nysjobbank@labor.ny.gov
Faks: 518-485-1333
Telefòn: 1-888-4-NYSDOL

Depatman Solisyon Travay ak Mendèv

Fòmilè Pou Travay Ki Disponib

Konpayi: Tanpri ranpli **yon** Fòmilè pou Travay ki Disponib pou chak tit travay epi voye l tounen ban nou. W ap annik fè yon sèl biwo konnen travay ou genyen ki disponib yo. Lè w sèvi ak fòmilè sa a pou w afiche travay ou genyen ki disponib yo, w ap rive kontakte tout biwo Ministè Travay yo.

Dat: ____ / ____ / ____ # Anrejistreman Asirans Chomaj: ____ - ____

FEIN: ____ - ____ Konpayi: _____

Adrès: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Telefòn: (____) ____ - ____ Ekst. ____ Faks: (____) ____ - ____

Kalite Biznis: _____ Sit entènèt Konpayi a: _____

Non moun pou nou Kontakte: _____ Tit moun pou nou kontakte a: _____

Imel: _____ Kantite Anplwaye: _____

Transpò Piblik: Wi Non

Èske konpayi w la gen yon Kontra Federal ki mande pou travay ou genyen ki disponib yo afiche nan Ministè Travay (FCJL)? Wi Non

Èske konpayi w la ta renmen resevwa rekonpans pou taks paske w anboche gwoup ki sible? Wi Non

Tit Travay ki Disponib la: _____ Kantite Travay ki Disponib yo: _____

Enstriksyon pou Referans:

Lapòs Faks Imel Apèl pou Randevou Aplike an Pèsòn Aplike sou Entènèt

Deskripsyon Travay la

Tanpri bay detay k ap dekri travay ou genyen ki disponib la. Bay nenpòt konesans, konpetans, kapasite ki obligatwa; ekipman ki itilize oswa ki pou fonksyone; egzijans fizik espesyal oswa kondisyon travay. **Mete kote travay la ye, si l pa menm ak adrès konpayi a.** Mete lòt paj si sa nesesè.

Deskripsyon Travay la:

Lòt Detay Sou Deskripsyon Travay la

Kondisyon travay la

Egzamen Anvan Travay ki Obligatwa: Wi Non Si se Wi, bay non Egzamen an: _____

Edikasyon ki Obligatwa: Okenn Diplòm Lekòl Segondè/GED AAS BA/BS
Mastè Doktora

Kantite Eksperyans ki Obligatwa: _____ Èske w Aksepte yon Estajyè? Wi Non

Èske w aksepte eksperyans ki koresponn? Wi Non Si Wi, Bay detay: _____

Travay la se: Plen tan Tan Pasyèl Regilye

Tanporè (Soti ___ / ___ / ___ Pou rive ___ / ___ / ___)

Lè Travay: Soti _____ Pou rive _____ Kantite lè Antou: _____

Koche Jou Travay: D L Ma Mè J V S

Lè anplis: Wi Non Nivo Salè: Soti \$ _____ Pou rive \$ _____ Pou chak _____

Salè a negosyab? Wi Non

Peryòd yo Peye: Chak semèn Chak de semèn Chak mwa De fwa pa mwa

Lòt Kondisyon/Avantaj Pou Anboche Moun

Lisans pou kondi:	Wi	Non	Kategori: _____	Asirans Maladi:	Wi	Non
Pwòp Zouti pa moun nan:	Wi	Non		Asirans Pou Swen		
*Egzamen sante:	Wi	Non		Dan:	Wi	Non
*Egzamen pou verifye nivo dwòg:	Wi	Non		Vakans peye:	Wi	Non
Egzamen Travay/Sekirite:	Wi	Non	Non: _____	Konje maladi ki peye:	Wi	Non
Lòt Egzamen:	Wi	Non		Jou Ferye Peye:	Wi	Non
Dwe Enskri nan Sendika:	Wi	Non		Plan Pou Retrèt:	Wi	Non
Gen pwoteksyon:	Wi	Non		Lèt:w:		

*Obligatwa sèlman aprè moun nan fin anboche e si l enpòtan pou travay ki disponib la. **Tout kondisyon pou anboche a dwe se bonjan kalifikasyon pwofesyonèl.**

Enfòmasyon ou bay nan lòt pati fòmilè sa a ap ede nou konprann sa w bezwen nan pwosesis pou w anboche moun nan. Tanpri verifye enfòmasyon ki pi ba a, epi sèvi avè l kòm gid pou w ranpli fòmilè Pou Bay Travay la. Epi voye fòmilè a tounen pou nou, oswa sèvi ak fòmilè a kòm kid si w prefere rele nou nan telefòn pou w fè nou konnen travay w ap bay la.

Nimewo Anrejistreman Asirans Chomaj Konpayi a: Tanpri bay nimewo sa a paske l la pou l konfime ou gen otorizasyon pou w fonksyone nan Eta Nouyòk. Si biznis ou fenk ouvri e w fenk aplike pou nimewo sa a, tanpri fè nou konnen; n ap sèvi ak nimewo Idantifikasyon Taks Federal la yon fason tanporè.

Enstriksyon pou Referans: Nan lis travay ki disponib pou moun k ap chèche travay yo gade yo, Ministè Travay la ap bay non, adrès, ak enfòmasyon pou kontakte konpayi a sof si ou di nou pou nou pa fè sa. Sa ap pèmèt konpayi yo jwenn okazyon pou resevwa demann dirèk nan men moun ki kalifye k ap chèche travay e l ap ogmante kantite repons moun k ap chèche travay yo voye pou travay ki disponib yo.

Rezilta Referans yo: Li enpòtan anpil pou nou konn sa moun panse anrapò ak kantite ak kalite referans nou bay konpayi w la. Sa ap ede nou ak objektif nou toujou genyen pou nou amelyore sèvis n ap ba w la ak kominote biznis la. Pou rezon sa a, si nou pa resevwa kòmantè w konsènan rezilta referans yo, anplwaye Ministè Travay yo ka kontakte w pou yo mande w enfòmasyon sa a.

Nan Tout Peyi a: N ap afiche travay ou a sou Echanj Travay Nasyonal (us.jobs) ki la antanke rezo pou lòt sit pou bay travay nan lòt eta yo. Travay ou genyen ki disponib la ap atenn moun k ap chèche travay nan tout peyi a.

Preferans Pou Ansyen Militè: Ministè Travay fè tout sa l kabab pou l jwenn kandida ki plis ranpli kondisyon pou travay ou genyen ki disponib la (yo). Dosye ki gen moun k ap chèche travay la gen ansyen militè ki gen konpetans nan anpil pwofesyon ak responsab nan travay. Règleman Ministè Travay se pou l refere ansyen militè yo nan travay ki disponib yo anvan yo refere moun ki pa ansyen militè ki kalifye yo.

Avantaj: Pou w ka atire moun ki pi kalifye yo, li enpòtan pou w fè moun ki ka jwenn travay la konnen avantaj ou ofri ak travay ou a. Pou kèk moun, avantaj ou bay yo ka pi enpòtan pase salè a.

Teknoloji

Ministè Travay Eta Nouyòk ede konpayi yo mete travayè ki kalifye nan plizyè milye travay ki disponib yo. Menm jan ak nenpòt lòt ajans sèvis, nou toujou ap chèche mwayen pou nou fonksyone yon fason ki pi efikas e gen plis enpak sou moun n ap sèvi yo. Nan kad efò n ap kontinye fè yo, nou ajoute kèk amelyorasyon nan fason nou asosye kandida yo ak travay ki disponib yo, grasa teknoloji enfòmasyonik:

- **Asosye Moun Pa Mwayen Teknoloji** – Yon sistèm avi ki voye mesaj sou kandida ki ka aplike pou travay ou genyen ki disponib la, asosye ak kondisyon travay ou mete a ak konpetans espesyal yon kandida.
- **Entènèt** – Moun ka wè travay ki disponib ki afiche nan Ministè Travay la sou Paj Akèy sou Sit Entènèt nou an. **Sit entènèt sa a gen lyen dirèk ki mennen w sou Sit yo Afiche Travay ki Disponib nan Eta a (ny.jobs) ansanm ak yon seri enfòmasyon sou resous ni pou biznis ak moun k ap chèche travay yo. Al sou sit entènèt nou an ki se www.labor.ny.gov.**

Avètisman

Lè l mete moun nan travay ki koresponn ak konpetans yo, Ministè Travay Eta Nouyòk, aji antanke platfòm pou anplwaye ki kalifye ak konpayi yo. Ministè a pa reprezante oswa garanti si enfòmasyon moun ki ka jwenn travay la oswa konpayi yo bay la se laverite, li kòrèk, oswa fyab, ni l pa patisipe nan okenn kategori evalyasyon oswa ankèt endepandan sou anplwaye ki ka pran travay yo ak konpayi, sof pou asosye konpetans yon anplwaye ki ka pran travay la ak sa konpayi a mande. Ministè a pa responsab okenn desizyon nan kad travay anplwaye ki ka pran travay la oswa biznis yo, pou nenpòt rezon ki bay la. Lwa Eta Nouyòk la ka mete limit nan kalite enfòmasyon ministè a ka pataje ak yon konpayi konsènan anplwaye ki ka pran travay la. Konpayi yo pa ta dwe rejte okenn kalite evalyasyon sof si l ap fè atansyon pou konpetans ak eksperyans yo reponn ak bezwen ki gen nan travay la.